# НОХЧИЙН МЕТТАН ОЛИМПИАДА – 10 КЛАСС

## Леррина, ойла а еш, еша текст

Цхьа хан яьлча Пет1аматан елхар лаг1делира. Меллаша хьалаг1аьттина, шен чамда а эцна, жаг1ин тог1ех чекх а яьлла, боьрах хьалабоьдучу готтачу новкъа хьалайолаелира иза. Тийна лаьттара аьхкенан декхначу динан 1алам. Пет1аматана гуттар а дуьхьал

лаьттина сурт дара х1ара. Д1о лаьтта бежнаш т1ехь дежа Горга дукъ. Жима бер долуш дуьйна кхуза эсий а, гезарий а яжо леллера Пет1амат шен воккхачу вешийца Жабраилца. **Дагаоьхура шаьш шайн деца буг1аний ворда а южий кхуза дечиг да эхар. Цунна т1ехьа геннахь хала къаьста баххьаш къегош лаьтта башлам. Дагадеара Пет1аматана ша шен дега дина хаттар Дада и малх ц1е санна бовха ма бу т1аккха и ша т1ехьа лечкъича цу лам т1ера ло даша х1унда ца до цо аьлла. Дас вела а вела элира Малх чубузучу хенахь шел мало. Цундела ца дашадо кх. Пурх д1абоьдучу нийсачу ураме ма- елли йоьхна йисира Пет1амат.** Цхьа а ц1а цунна девзаш дацара. Нийсачу мог1арехь хьалах1иттинера лекха, даккхий, еттинчу кибарчигийн керла ц1енош. Массарна а хьалхахьа бохург санна йина хаза керташ, даккхий кевнаш. «Во, Везан Дела, ма ирсе дахар ду-кх кхаьргахь дерг, жолам шу!». Дозаллех дуьзира Пет1аматан дог. Меллаша д1айоьдура иза, наг-наггахь чуй арий лелхаш бераш доцург, цхьа а воккханиг воцчу, бесачу урамехула. «Мила кхета техьа дуьхьал? Евзар юй-те со цхьанна а?» - т1аьхь-т1аьхьа детадала доладелира дог.

___Керла кир тоьхна, хаза басарш хьаькхна, х1умма а тишдалаза лаьттара хьалхахьа чекх яллалц уче а йолуш, иза жима йолуш, дина хилла ц1енош.____ Саца а сецна сада1а ца х1уттуш, йог1ура иза хьацарша а юьзна, йоккха, еза чамда а айъина.___Ц1еххьана зудчун болар лаг1делира: цунна девзира шайн ц1енош.

(С-Хь. Нунуев«Даймехкан мукъамаш»)

**1.Текстехь нийсаяздаран г1алаташ схьалаха. Яздан ма-деззара, схьаязде и дешнаш.**

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

________________________________________________

**2. 2-чу абзацера предложенийн рог1алла нисъе** (х1ора предложенина хьалха (сиз хьаькхначохь) даладе цуьнан рог1аллин терахь).

Жоп: ___________________________________

**3. Билгалъяьккхинчу кийсикехь дог1у сацаран хьаьркаш дахка.**

**4. Буьззина синтаксически таллам бе предложенина:**

Ц1еххьана зудчун болар лаг1делира: цунна девзира шай ц1енош.

(______________________________________________________________________

___________________________________________________________)

**5. Совнаха долу дош билгалдаккха. Дийца, х1унда лерина ахь и сов.**

1) елхар, эхар, хаттар, болар, дахар;

2) хьалайолаелира, хьалаг1аьттина, хьалабоьдучу, хьалах1иттинера.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

____

**6.Оьрсийн матте гочде дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а:**

1) боьра – _________________________________________________________

2)пурх – __________________________________________________________

3)баххьаш къегош лаьтта–_____________________________________________

______________________________________________________________________

4) башлам – _______________________________________________________

5) эсий а, гезарий а яжо – ____________________________________________

**7. «Дукъ» бохучу дешан кхо маь1на ду (шиъ нийса а, цхьаъ т1едеана а). Х1ора маь1ница дог1у цхьацца масал даладе лахахь (нохчийн а, оьрсийн а маттах пайда а оьцуш):**

1.________________________________________________________________

2. ________________________________________________________________

3. ________________________________________________________________

**Билгалдаккхар:масалш тайп-тайпана дало тарло, коьртаниг уьш маь1ница нийса дог1уш хилар ду.**
**8. Схьаязде текста юкъара дукхаллин терахьехь ца лела ц1ердешнаш.**
Жоп: ____________________________________________________________

**9. Схьаязде текста юкъара чолхе куцдешнаш:**
Жоп: ____________________________________________________________

______________________________________________________________________

**10.Фонетически таллам бе дешнашна:**
**Кхераелира, яьлла.**

---

**11.Легаде дешнаш:** ***кевнаш, пурх:***

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______

**12. Текста юкъара схьа а лахий, схьаязде:**
**1)лаамаза а, лааме а кепера билгалдош -**

______________________________________________________________________

**2) цхьаллин а, дукхазаллин а кепера хандош –**

______________________________________________________________________

**13.Дешан х1оттамца талла дешнаш, дийца церан кхолладаларан некъах.**
Чекхъяллалц, тишдалаза.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

____

**14.Антонимаш ялае кху дешнашна:**
геннахь - ________________________, хаттар –________________________, тийна– ___________________________, ирсе – _________________________, еттина - __________________________.

**15. Стенах олу лексика? Маса дакъа ду лексикологи?**

---

**16. Стенах олу омонимаш? Даладе масалш.**

______________________________________________________________________

__________________________________________________________

**17. Д1айазде терахьдешнаш дешнашца: 1967, 209, 85, 45, 2022.**

______________________________________________________________________

__________________________________________________________

**18**. Яста (расшифруйте) лингвистически терминийн анаграммаш, совнаха йолу термин билгалъяккха. Дийца, х1унда лерина ахь и сов? *Носимин, неофтика,дираус, рахамиз,адикелт .*

______________________________________________________________________

__________________________________________________________

**19. Чекхдаха кицанаш, аларш:**
*Уггаре ерстина х1ума –* ______________, *уггаре токхе х1ума –* ___________.
*Бепиг, туьхий даа, ткъа* _____________________________________________.
*Дийцича цакхеттарг –* _________________________________________________.
**20. Текста юкъара №1 йолчу предложенин грамматически лард схьаязъе.**

______________________________________________________________

**21. Т1адамийн метта дог1у дешнаш а далош, т1едуза ч1аг1делла цхьаьнакхетарш.**
______________ нег1ар ца тухуш.
___________________ малх баьлча.

**22. Нохчийн меттан алфавитехь мукъа аьзнаш билгалдеш маса мукъа элп ду?**

______________________________________________

**23. Интонологи стенах олу?**

__________________________________________________________________

**24. Нохчийн орфографин маса дакъа ду?**

_____________________________________________________________________________
_____________________________________________________________________________
_____________________________________________________________________________
_____

**25. Дукхаллин терахьехь д1аязде х1ара дешнаш:**
**Ботт –**
**Исс –**
**Балл –**